

Konnen ki Dwa Ou Genyen— Sèvis Transpò pou Edikasyon Espesyal (Bis, Monitè, ak Sèvis Ki Lye): Kisa Dènye Lèt Konklizyon an Vle Di Pou Fanmi W?



Sistèm Rezolisyon Konfli (Problem Resolution System, PRS) Depatman Edikasyon Primè ak Segondè (Department of Elementary and Secondary Education, DESE) a te pibliye yon Lèt Konklizyon nan dat 24 fevriye 2023, epi li te jwenn defayans nan tout sistèm transpò a pou elèv Lekòl Piblik Boston (Boston Public Schools, BPS) ki gen andikap yo, ki vyole dwa elèv yo ak fanmi yo. BPS dwe fè plis pou li bay elèv ou a sèvis transpò yo bezwen an.

Si w gen yon elèv ki nan yon Pwogram Edikasyon Pèsonalize (IEP) oswa yon plan 504 ki egzije sèvis transpò (pòtapòt, monitè bis (1: 1, jeneral, oswa ki gen fòmasyon pou kriz) lè sa a **ou gen dwa:**

- Dwa pou w jwenn sèvis edikasyon konpansatwa posib si elèv ou a rate lè oswa jou nan sèvis edikasyon espesyal yo a oswa si li te plede gen pwoblèm ak sèvis bis yo (Gade #2)
- Dwa pou w jwenn ranbousman si ou te oblije al depoze elèv ou a lekòl (Gade #3)
- Dwa pou w resewa yon notifikasyon ekri nan men BPS lè yo pral entèwonp sèvis transpò elèv ou a oswa lè yo pa bay sèvis la kòm sadwa
- Dwa pou w genyen yon monitè bis oswa lòt pèsònèl bis ki konnen bezwen endividyèl elèv ou a epi ki gen bon jan fòmasyon

1. Èske entèripsyon oswa ensifizans sèvis transpò BPS ant 17 oktòb 2021 ak jodi a te afekte elèv ou a ki gen yon IEP oswa yon Plan 504?

EKZANP

- Elèv ou a bezwen yon monitè (jeneral oswa 1:1) epi bis la pa t gen monitè oswa te gen yon monitè "bakòp" chak jou
- Elèv ou a bezwen yon monitè 1:1 epi bis la te gen yon sèl monitè pou tout elèv yo
- Monitè a pa t konnen bezwen endividyèl elèv ou a epi/oswa li pa t resewa fòmasyon

2. Èske elèv ou a te rive lekòl anreta oswa li te rate tout jounen lekòl la (yo) akòz pwoblèm transpò (pa egzanzp, bis la anreta, pa gen bis, pa gen monitè, pa gen ekipman, elatriye)?

EKZANP

- Bis ou a te plede vin chèche oswa depoze elèv ou a anreta nan lekòl la
- Bis ou a te disponib men elèv ou a pa t kapab monte nan bis la paske pa t gen yon monitè, ekipman, oswa pou yon lòt pwoblèm.

Si repons lan se wi pou kesyon 1 oswa 2 a, BPS dwe travay avèk ou pou li rezoud pwoblèm transpò elèv ou a. BPS pa ka plede lakoz elèv ou a rate plizyè èdtan oswa jou lekòl epi BPS ka bezwen bay elèv ou a sèvis "ratrapaj". **Kisa w ta dwe fè?**

- Ekri pwoblèm ak dat la (yo) pou tout pwoblèm transpò ou genyen (yo) nan yon lis
- Si sa posib, voye yon imèl bay Direktè ak Kowòdonatè Edikasyon Espesyal elèv ou a (Principal and Coordinator of Special Education, COSE); li toujou pi bon lè w kominike alekri toujou p
- Lè w kontakte Direktè elèv ou a oswa COSE, mande Ekip IEP a yon reyinyon pou w diskite sou pwoblèm transpò ki pase deja oswa pwoblèm aktyèl yo (gade #4 pou pwoblèm aktyèl yo)
- Itilize reyinyon ak Ekip IEP a pou w:
 - Diskite sou solisyon akoutèm ak alontèm yo pou tout pwoblèm transpò aktyèl yo. Mande lekòl la pou li ba ou solisyon tanporè sa yo alekri
 - Diskite sou sèvis edikasyon konpansatwa (“sèvis ratrapaj”), elèv ou a ka bezwen ratrape sèvis li te pèdi akòz pwoblèm transpò yo (pa egzanp, si elèv ou a te rate sèvis lapawòl oswa sèvis konsèy mande yo pou w rekipere sèvis sa yo)

3. Èske ou te founi elèv ou a transpò akòz pwoblèm transpò BPS yo (egzanp nan 1 oswa 2 pi wo a) ant 17 oktòb 2021 ak jodi a? Ekzanp:

EKZANP

- Ou te kondwi elèv ou a lekòl paske pat gen bis, pat gen monitè, oswa akòz yon bis ki anreta
- Ou te oblije al chache elèv ou a lekòl nan woulib (Uber, Lyft) oswa taksi

→ Si repons lan se wi, BPS oblije ranbouse w pou tout depans yo. Kisa w ta dwe fè?

- Mande ranbousman: Yo ka ranbouse w pou kantite milyaj (nan tarif eta a) ak/oswa pri sèvis transpò altènatif ki te òganize/kovwatiraj (tankou Uber oswa Lyft) ki gen dat 17 oktòb 2021. **Yo dwe ranbouse fanmi ki pa gen yon nimewo sekirite sosyal oswa yon nimewo idantifikasyon taks yo tou**
- Ou ka jwenn plis enstriksyon ak fòmilè sou paj entènèt Ranbousman BPS la. Ou ka kontakte Asistans Telefonik BPS la tou nan 617-635-8873 oswa pa imèl nan helpline@bostonpublicschools.org.

4. Èske w sibi entèripsyon nan sèvis transpò a anvan oswa nan moman sa la? Si w reponn wi pou nenpòt nan kesyon ki anwo yo oswa si w bezwen plis asistans:

- Soumèt yon amand sou sit entènèt pòtay sèvis Transpò BPS la, lè w rele nan 617-635-9520, oswa pa imèl nan schoolbus@bostonpublicschools.org
- Kontakte Direktè elèv ou a oswa COSE pa imèl pou w rapòte enkyetid ou genyen yo oswa pou w mande Ekip IEP a yon reyinyon
- Kontakte sèvis Asistans Telefonik MAC la pou plis asistans: (617) 357-8431
- Ou kapab depoze yon plent tou nan Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts la. Pou ou aprann plis sou pwosesis sa, kontakte sèvis Asistans Telefonik MAC la oswa kontakte DESE dirèkteman nan 781-338-3700

